



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM  
VAKSINASYON ETA A- YO TE DEJA ADMINISTRE 79% NAN PREMYE DÒZ YO TE  
LIVRE YO**

***Sit Distribisyon Swen Sante New York yo te administre 79% nan premye dòz yo te resevwa nan men Gouvènman Federal la***

**[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram  
vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 79 pousan nan premye dòz yo te resevwa nan men gouvènman federal la, ak 77 pousan nan premye ak dezyèm dòz yo.

Gouvènè a te anonse tou lansman yon nouvo [Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 la \(COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard\)](#). Tablodò a pral bay Nouyòkè yo mizajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la ki gen ladan kantite dòz eta a te resevwa, yon repatisyon pou premye ak dezyèm dòz yo, ak kantite moun yo te vaksinen ak premye ak dezyèm dòz yo nan chak rejyon. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon eta a. Pou w jwenn aksè a tablodò a, ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker).

"Sa a se yon etap enpòtan nou franchi nan lit pou n genyen batay la kont COVID-19. Malgre gouvènman federal la ap ouvri vòn elijiblite yo pandan l ap redui apwovizyonman vaksen yo, 1 milyon Nouyòkè ki elijib ak tout rezidan ak anplwaye nan mezon retrèt yo ki te vle pran vaksen an, te deja resevwa premye dòz vaksen an".  
**Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou n pouswiv elan sa a, m ap mande gouvènman federal la pou l jwe wòl li epi ogmante apwovizyonman an. Nou bezwen kontinye vaksinen tout Nouyòkè ki elijib byen rapid epi nan fason ekitab, epi tank nou gen plis vaksen, tank l ap pi fasil pou nou atenn objektif sa a epi simaye iminite."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite apwovizyonman vaksen gouvènman federal la ap bay la. Byenke gouvènman federal la te agrandi chan elijiblite pou vaksen an pou gen ladan 7 milyon Nouyòkè, apwovizyonman vaksen gouvènman federal la bay la te redui aktyèlman.

Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Repatisyon done yo fèt konsa (baze sou chif yo te rapòte bay Eta New York apati 11:00 am jodi a):

## REPATISYON NAN TOUT ETA A

- **Pousantaj Premye ak Dezyèm Dòz yo Bay - 77%**
- **Premye Dòz yo Resevwa - 1,053,650**
- **Premye Dòz yo Bay - 835,875 - 79%**
- **Dezyèm Dòz yo Resevwa - 136,500**
- **Dezyèm Dòz yo Bay - 83,995**

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal	Kantite Dòz yo Bay Ototal	% Kantite Dòz yo Bay/Resevwa
Capital Region	78,550	57,514	73%
Central New York	59,725	46,819	78%
Finger Lakes	77,150	63,000	82%
Long Island	144,750	115,726	80%
Mid-Hudson	111,925	83,917	75%
Mohawk Valley	29,850	20,969	70%
New York City	546,775	409,403	75%
North Country	25,925	24,773	96%
Southern Tier	29,400	28,578	97%
Western New York	86,100	69,171	80%
Nan tout Eta a	1,190,150	919,870	77%

	Semèn 1:	Semèn 2:	Semèn 3:	Semèn 4:	Semèn 5:
	Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17

<b>1ye dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>	90,675	392,025	201,500	160,050	209,400
<b>2yèm dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>	0	0	0	90,675	45,825
<b>TOTAL</b>	90,675	392,025	201,500	250,725	255,225
<b>KIMILATIF</b>		482,700	684,200	934,925	1,190,150

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 77 pousan dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou w detèmine si w elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere, ou ka vizite sitwèb [Èske M Elijib \('Am I Eligible'\)](#) a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)